



Haitian Creole

Gid Sipò Akademik BCPS 2024-2025 pou Aprantisaj Pwolonje & Anrichisman

Nan gid sa paran ak elèv gen aksè a resous epi konsèy pandan Vakans Ivè epi apresa apati mwa Janvyè.



Tab Matyè yo

3 Primè

4 Segondè

6 Karyè, Teknik, Edikasyon Adilt ak Kominotè

7 Klas Elektif

10 Bilingual/ESOL

12 ESE

13 Sèvis pou Elèv

16 Konsèy Adisyonèl



Scholastic F.I.R.S.T., se yon avanti sou zil Ooka Island, asire devlope tout kapasite lekti fondamantal ki nesèsè pou elèv klas PreK–2, kreye otomatikman lektè ki li avèk fasilite epi ak kapasite solid dekòde mo.

Literacy Pro se yon bibliyotèk liv elektwonik, *eBook library*, prepare pou ankouraje lekti endepandan. Elèv yo antre nan Literacy Pro sa ki enterese yo epi rekonmandasyon motè rechèch ak bibliyotèk la enstantaneman mache yo ak liv yap renmen. Literacy Pro ajoute resaman liv pou ede elèv yo aprann kouman dekòde (dechifre) mo!

Scholastic W.O.R.D. amelyore epi akselere akizisyon mo vokabilè avèk fòkis pou estrikti mo/mòfoloji pou elèv klas K–5. Anseye nouvo mo selon kontèks epi atravè tout matyè konsa W.O.R.D. devlope vokabilè pou fasilite akizisyon konesans debaz.

Aprè vakans ivè, elèv yo ka atann aske yo kontinye pakou edikasyon yo ki vize aprann byen epi metrize konesans yo nan kat matyè debaz (matematik, syans, Angle ak syans sosyal). Elèv yo ap pare pou kòmanse 3^{zyèm} trimès lekòl.

Kòm lekòl yo ap prepare yo pou kòmansman twazyèm trimès, yap egzamine tout done nan sistèm leta ki kontwole pwogrè epitou egzamine tout lòt done pou ede detèmine pakou pèsonalize chak elèv.

Majorite elèv nan klas primè, nou ka menm di tout elèv yo, te pran tès evalyasyon dyagnostik, iReady Diagnostic 2 nan matematik ak lekti. Paran ka gen aksè a rapò pitit yo atravè sit iReady portal pou wè nan ki domenn ak pati enstriksyon elèv yo ka bezwen plis èd. Pakou pèsonalize iReady deja ajou konsa lap founi leson adisyonèl baze sou rezilta tès evalyasyon dyagnostik elèv la. Lakay elèv yo ka travay sou lekti ak matematik iReady, èd siplemantè yo bezwen nan de domenn etid sa yo.

Distri a gen anpil resous grasa aplikasyon Scholastic atravè Distri nou. Yo ka itilize Scholastic pou sipòte lekti nan divès fason.

Elèv yo ka gen aksè a Progress Learning, ki se resous nou ki disponib sou entènèt, resous kap ede sipòte aprantisaj syans.

Tout resous ki masyone anwo a disponib senpleman mande pitit ou konekte sou platfòm, Clever Dashboard epi klike sou desen (tile) li vle. Ou ka jwenn lòt resous siplemantè anba a.

ABC Mouse	CoolMath4Kids	Illustrative Math	Khan Academy
<p>Leson ak jwèt entèaktif pou elèv klas primè, leson yo anseye chif, adisyon, soustraksyon, fòm jewometrik, aranjman, mezi, ak plis ankò. Gen yon tan esè 30 jou gratis.</p> <p>https://www.abcmouse.com/</p>	<p>Jwèt amizan, leson, kesyonè evalye konesans/rezoud pwoblèm pou amizman tousa se topik matematik pou elèv klas K-5.</p> <p>https://www.coolmath4kids.com/</p>	<p>Yon varyete resous edikasyonèl pou elèv yo aprann, itilize epi renmen matematik.</p> <p>https://www.illustrativemathematics.org/</p>	<p>Ofri egzèsis pratik ak videyo enstriksyon pou matematik kou K - Calculus kap pèmèt elèv yo travay nan pwòp rit pa-yo.</p> <p>https://www.khanacademy.org/</p>

Segondè

Après vakans ivè, elèv yo ka atann aske yo kontinye pakou edikasyon yo ki vize aprann byen epi metrize konnesans yo nan kat matyè debaz (matematik, syans, Angle, epi syans sosyal). Elèv yo ap pare pou kòmanse 3yèm trimès lekòl.

Kòm lekòl yo ap prepare yo pou konmanse twazyèm trimès, yap egzamine tout done nan sistèm Leta ki kontwole pwogrè epitou egzamine lòt done pou ede detèmine pakou pèsonalize pou chak elèv. Anpil lekòl ap kòmanse opòtinite aprantisaj pwolonje (ELOs), tanpri kontakte lekòl pitit ou dirèkteman pou wè ki opòtinite ki disponib pou chak timoun.

Kèk lekòl itilize pwogram tankou iReady, IXL, Delta Math, Varsity Tutors, ak/oswa Edmentum, pou nonmen kèk pwogram. Elèv yo ap toujou gen aksè a pwogram apre lekòl epi nan wikenn epitou pandan brek pwograme (Vakans Ivè, Vakans Prentan). Fanmi ka pran avantaj pwogram sa yo pou ede esperyans aprantisaj pwolonje pitit yo.

CPALMS

Titoryèl Videyo



Elèv: Matematik 6-8, Aljèb 1, Aljèb 2 ak Jewometri

Paran ka itilize titoryèl pou elèv, *CPALMS Student Tutorials*, pou pwomote aprantisaj pandan vakans ivè; titoryèl la angaje pitit ou patisipe nan leson ak aktivite entèaktif epitou aktivite ki aliye ak nòm edikasyon leta apwouve. Titoryèl sa yo kouvri divès sijè epi founi yon fason amizan epi edikasyonèl pou elèv yo ranfòse konsèp ak kapasite yo te aprann. Elèv yo ap fè sa nan pwòp rit pa-yo. Yon gid videyo sou kouman navige epi itilize titoryèl ki disponib, ap fasilite paran ak elèv lè yap konmanse odeb.

- Gid Videyo: <https://www.cpalms.org/page816.aspx>
- Lyen pou CPALMS: <https://www.floridastudents.org/#1|0|0|0>


Khan Academy



Elèv: Tout matyè klas 6-12 (preparasyon pou tès SAT ak ACT):

Khan Academy ofri yon abondans resous gratis ke paran ka itilize pou sipòte aprantisaj pitit yo pandan vakans ivè. Ansanm ak leson matematik ki disponib gen lòt leson sou sit la, Khan Academy ofri videyo enstriksyon enteresan epitou ofri egzèsis pratik ki va ede ranfòse konsèp enpòtan elèv yo te aprann. Paran ka gide pitit yo explore topik ak sijè ki enterese yo oswa foki sou pati ki bezwen amelyorasyon, sa kifè aprantisaj alafwa fleksib epi agreyab pandan vakans ivè.

- Gid pou platfòm: <https://support.khanacademy.org/hc/en-us/articles/360039664491-Guide-to-the-Parent-Dashboard>
- Lyen pou Khan Academy: <https://www.khanacademy.org/>



English Language Arts (ELA) Lakay


Angle/English Language Arts (LEA) - Se pa paske lekòl la an vakans, aprantisaj dwe sispann. Devlope sèvo ou tankou wap devlope yon mis—chak jou ou dwe travay ak sèvo ou. Men kèk lide amizan pou kontinye devlope kapasite lekti ak ekriti pandan ke elèv yo nan vakans ivè, prentan, oswa lete:

- Kite yon tan apa pou lekti ak fanmi ou. Chak jou rezève yon demièdtan pou lekti agreyab kote manm fanmi ou ap reyini epi fè lekti trankilman ak liv ke chak moun seleksyone limenm. Pran kèk minit apre lekti a pou diskite sa kap pase nan chak liv nap li.
- Wap vwayaje? Kenbe yon journal vwayaj, note tout itinerè, aktivite nou te patisipe ladann pandan vwayaj la, note anekdot/ti istwa amizan, ak deskripsyon nouvo bagay nou te wè. Ou ka mansyone sa nan journal prive ou, oswa pandan yon konvèsasyon amizan apre vwayaj la fini.
 - Anvan vwayaj la, fè rechèch sou kote nou prale epi fè lekti atik sijè a se vwayaj la, plas ak lye nou va vizite.
- Fè lekti yon journal, vèsyon enprime oswa sou entènèt, epi pataje rezime yon atik epi sitou sa atik la rapòte. Paran ka poze pitit yo kesyon yon jounalis ka poze (kilès, kisa, kilè, ki kote, poukisa, kouman) sou atik la pou fasilite konpreyansyon.
- Òganize yon konkou lekti ak manm fanmi ou (ou ka menm mande zanmi patisipe!). Kenbe yon rejis liv chak moun te li epi trete gayan an ak yon rekonpans amizan nan fen konkou an.
- Vizite bibliyotèk piblik lokal epi pase tan dekouvri nouvo otè ak janr liv ki sanble enteresan. Tyeke kèk liv epi ajoute yo nan tan lekti pèsònèl ou.
- Pa manke opòtinite fè lekti epi ekri: Vizite yon mize? Pase gade objè ak èv atistik, fè lekti deskripsyon yo tou. Si ou gade yon fim? Fè kritik fim la epi ekri kontrandi a konsidere soumèt kritik la bay yon journal lokal. Ale laplaj, nan pak, oswa al mache? Chache enspirasyon nan lanati pou ekri yon powèm orijinal oswa ekri ti istwa kout.

Resous Syans Sosyal

Social Studies activities students enrich with:

1. MS Civics and MS US History: iCivics - MS Sivil ak MS Istwa Etazini: iCivics
 - a. Elèv ale sou sit <https://ed.icivics.org/games> fè defile jwèt epi seleksyone yon jwèt.
2. MS Civics and HS US History: CPALMS Tutorials - MS Sivil ak Istwa US: Titoryèl CPALMS
 - a. Ale sou sit CPALMS (<https://www.floridastudents.org/>) grasa Clever, klike sou sijè ak titoryèl
3. MS Civics and HS Government: Civics 360 – MS Sivil ak HS Gouvènman <https://civics360.org/>
4. Pou tout moun: Oregon Trail (original) <https://www.visitoregon.com/the-oregon-trail-game-online/>



Syans

Paran ka chwazi nan divès resous CPALMS pou paran. Sou sit sa ou ka jwenn videyo pou diskisyon lakay, kesyon difisil ki poze defi, kontak pou karyè, similasyon ak plis ankò:

<https://www.cpalms.org/public/search/Resource>

Etid Avanse

Fè rechèch klas wap pran kounyea epi kòmanse pratike!

- <https://www.khanacademy.org/>
- <https://www.youtube.com/@advancedplacement>

Karyè, Teknik, Edikasyon Adilt ak Kòminotè (CTACE)

Aprè vakans ivè, nou pral konsantre atansyon nou sou priyorite sa yo nan saldeklas CTE pou re-angaje elèv yo epi akselere pwogrè pandan dezyèm mwatye ane eskolè a:

1 Revwa epi Fikse Bi

- Revwa akonplisman: Nap reflechi sou kapasite, pwojè, ak sètifikasyon konplete pandan premye semès la.
- Fikse bi: Elèv yo va fikse bi pèsonèl epi bi pwofesyonèl pou metrize kapasite ak abilte, fikse bi pou obteni sètifikasyon endistri apwouve, ak konsidere pwojè fiti.

2 Konpetans Preparasyon a Karyè

- Konpetans Jeneral/Soft skills: Nap mete aksan sou kominikasyon, travay ann ekip, rezoud-pwoblèm, ak pwofesyonalis.
- Mizajou rezime: Etidyan yo va mete ajou rezime yo pou enkli nouvo kapasite ak abilte, sètifikasyon, ak esperyans.

3 Preparasyon pou Sètifikasyon Endistri Apwouve

- Nap konsakre yon bon valè tan nou prepare etidyan yo pou sètifikasyon endistri-apwouve, prepare yo pou esperyans pratik, gid etid ak ekzamen blan.
- Etidyan yo ap fokis sou satisfè nòm edikasyon mezirab ki ekzijib pou obteni sètifikasyon ki aliye ak pakou karyè yo.

4 Aprantisaj ak Estaj Fòmasyon nan Travay

- Prepare pou estaj fòmasyon: Nap bay elèv yo fòmasyon kap prepare yo pou travay, devlope pwofesyonalis, gen sekirite, epi jere tan.
- Kontak ak anplwayè: Etidyan yo ap pran avantaj tande konferansye envite, estaj kote yo ka swiv yon pwofesyonèl nan travay li, fè vizit nan endistri lokal, patisipe nan evènman Claim Your Future, World of Works ak My Next Move.

5 Konkou ak Angajman Kominotè

- Etidyan yo ap prepare yo pou konkou CTE grasa èd Òganizasyon Etidyan Karyè Teknik.
- Nap pran angajman kominike grasa patenarya ak biznis lokal.





Jwèt Echèk

Chess4Life (K-12)

<https://chess4life.com>

Nan jwèt echèk yo itilize epi pratike fonksyon ekzekitif tankou memwa, konfyans nan tèt ou, ak rezoud-pwoblèm. Kapasite esansyèl fokis, fè chwa, epi planifye tout ansèyman ak pratik fèt sou yon echikye. Jwè echèk gen opòtinite inik devlope andirans mantal, korije tèt yo epi fè prèv pèseverans.

Elèv nan lekòl piblik Broward County te toujou patisipe aktivman nan jwèt echèk grasa inisyativ epi inisyativ Chess4life ki ofri sèvis dirèk. Tout elèv ak pwofesè klas K-12 gen aksè a enstriksyon ak resous bon kalite, leson videyo, jwèt pasyans/puzzles, epi jwèt. Elèv ak pwofesè ka jwenn aksè endividyèl grasa aplikasyon sou platfòm Clever yo.

Deba

Kialo Edu (K-12)

<https://www.kialo-edu.com/>

Apati yon tèt santral, elèv yo ajoute pou oswa kont (pros and cons), patisipe nan agiman youn lòt pou bati yon kat entèaktif diskisyon an nètale. Kialo se yon platfòm anliy pou deba entèaktif sou divès topik. Itilizatè (elèv, pwofesè, paran) ka kreye yon kont gratis san antre yon adrès elektwonik epi patisipe nan deba fèmèn oswa louvri.

iCivics (K-12)

<https://www.icivics.org/>

iCivics angaje elèv yo nan aprantisaj sivik siyifikatif. Ansèyman an founi resous byen-ekri, kreyatif, epi enteresan ki amelyore epi enspire elèv yo vin sitwayen aktif nan kominote yo.

Sandra Day O'Connor, Jij Kou Siprèm te fonde nan lane 2009 yon òganizasyon non-patizan dedye a avansman sivik. Òganizasyon an founi edikatè ak elèv konesans, ladrès, ak resous ki nesèsè pou ede epi angaje yo patisipe ansanm nan lavi sivik nou avèk antouzyas.

National Speech and Debate Association (K-12)

<https://www.speechanddebate.org/resources/>

The National Speech and Debate Association (NSDA)/Asosiyasyon Nasyonal Diskou ak Deba, se pi gwo rezo nasyonal diskou ak deba pou elèv. Asosiyasyon an gen gran kantite resous gratis sou kouman ou ka antrene elèv nou yo, sou dewoulman evènman konpetitif ak anpil aktivite angajan elèv yo ka fè lakay yo oswa nan saldeklas.

Mizik

Mr. Greg's Musical Madness (K-5)

<https://mrgregsmusicalmadness.com/>

Msyè Greg's Musical Madness se yon "edu-tainer" PBS ki ranpòte yon pri, li chante-chanson, fè mizik, li konbine chanson ak yon estil komik angajan pou rapwoche edikasyon sosyal prekòs ak edikasyon mizikal.

Mr. Henry's Music World (K-5)

<https://www.mrhenrysmusicworld.com/>

Mr. Henry's Music World founi pwofesè mizik atravè lemond yon ansèyman mizikal bon kalite pou klas primè avèk videyo & leson, resous.

Music Theory Online (K-12)

<https://www.musictheory.net/>

Aktivite santre sou teyori mizik. Notasyon, kreyasyon melodi, estrikti akò/*chord structure* ak konpozisyon. Telechaje aplikasyon an.

Music Play Online (K-5)

<https://musicplayonline.com>

MusicplayOnline se yon zouti polivalans ak yon ansèyman ki ankouraje fè mizik aktivman anndan epi andeyò saldeklas la. Kit ou nan lekòl oswa lakay, nou kreye resous nou yo pou adapte a bezwen ansèyman ou vle!

Aktivite yo senp pou elèv kap etidye pwogram mizik jeneral; elèv yo ka telechaje aktivite ak enstriksyon.

Education.com (Music) (K-8)

<https://www.education.com/resources/the-arts-music/?cid=10.993>

Education.com selebre divèsite pami itilizatè nou lè sit la ofri resous diferansye ki satisfè yon gran varyete bezwen edikasyonèl – epi ranfòse konfyans timoun yo nan aprantisaj. Elèv yo ka telechaje aktivite ak fèy egzèsis avèk esplikasyon epi direksyon.

STEM+CS	
Code.org (K-12)	http://code.org Aprann kod/code grasa klas ki disponib oswa kreye yon istwa. Kode yon imaj, oswa kreye yon jwèt itilize Sprite Lab, Artist, Game Lab oswa App Lab. (Disponib grasa Single Sign On pou elèv)
Sci Starter (K-12)	http://scistarter.com Cache epi patisipe nan pwojè syans sitwayen ki satisfè enterè ou epi fasil pou fè.
Minecraft (K-12)	https://education.minecraft.net/en-us Itilize Minecraft Education Edition pou patisipe nan leson spesifik, defi konstriksyon, ak aktivite fè coding.
Design Squad Global (K-12)	https://pbskids.org/designsquad Cache lide pou pwojè enjeniri ke ou ka reyalize. PBS Design Squad gen ladann gid, videyo, ak yon varyete sijesyon pou divès klas.
77 Daily STEM Activities (K-12)	http://dailystem.com/77-stem-activites-for-families Toulejou STEM fè lis aktivite STEM ki amizan pou fanmi; aktivite yo disponib nan plizyè lang.
Ranger Rick (K-6)	https://rangerrick.org/ Ranger Rick pwopoze entèaksyon ki respekte anviwonman avèk jwèt, videyo, atizana, aktivite, epi gen plis pwopozisyon de Federasyon nasyonal Vi Sovaj/National Wildlife Federation.
Khan Academy (K-12)	https://www.khanacademy.org/ Khan Academy ofri videyo enstriksyon STEM, quizzes, epi pratike pwoblèm sou divès topik. Pwofesè yo ka kreye klas epi kontwole pwogrè elèv yo ofiramezi yap konplete tach. Efò elèv yo ka fè yo ganyen badj dijital. (Disponib pou elèv ak otorizasyon Single Sign On)
PhET Simulations (K-8)	https://phet.colorado.edu/en/simulations/browse Gen anpil similasyon syans ak matematik nan klas primè. Chak similasyon gen divès plan leson ki deja kreye. Tanpri fè lekti leson yo byen epi fè nempòt modifikasyon ou jije adapte a bezwen edikatif elèv yo. Souvan leson yo deja tradwi an plizyè lang.
Computer Science for Fun (K-12)	http://www.cs4fn.org/ Plizyè aktivite syans konpitè selon nivo klas.
EarSketch (6-12)	https://ears sketch.gatech.edu/landing/#/learn EarSketch gratis se yon pwogram edikatif sou anviwonman. Bi prensipal se anseye coding nan de langaj script trè itilize epi repandi, Python ak JavaScript, grasa Teknik mizik konpoze epi remiks.
Ar Vizyèl	
Dick Blick (5-12)	https://www.dickblick.com/project-ideas/?srsltid=AfmBOopWlTkJOvgBjkSGglnPyyLRRNbf6iNk8EvVQfi-8L6L2gVv74VY Dick Blick soutni atist kèlkeswa etap karyè atistik li. Kòm antrepriz lidè nan domenn founiti atistik, antrepriz la bay atis, edikatè, elèv, epi asosye nou resous, èd ak asistans, epi fòmasyon yo bezwen pou devlope, inovè, epi atenn tout potansyèl atistik yo.
#metkids (K-12)	https://www.metmuseum.org/art/online-features/metkids/ #MetKids enspire, teste, epi apwouve pa timoun laj 7–12zan. Nou kwè chak moun ka aprann yon bagay paske esplikasyon senp epi adapte pou timoun, epi nou aprann paske nou gen odasite poze kesyon difisil.



Teyat

Share my Lessons (K-12)	<p>https://sharemylesson.com/subject/drama</p> <p>Sit sa gen ladann leson ak aktivite ke pwofesè Teyat/Drama pataje nan tout klas kèlkeswa nivo. (Konsepsyon dekò, ekriti senaryo)</p>
Child Drama (K-12)	<p>https://www.childdrama.com/lessons.html</p> <p>Teyat Timoun/<i>Child Drama</i> gen ladann plan leson senp pou pwofesè/paran. Klas la anseye prensip fondamantal kouman pou vin aktè, aktivite entèaktif kout, senaryo pyès teyat/<i>scripts</i> ak sijesyon pou pèfomans nan teyat. Leson yo vin ak enstriksyon.</p>
Drama Notebook (K-12)	<p>https://www.dramanotebook.com/</p> <p>Leson teyat/Drama pou klas primè, midèskoul, ak ayeskoul.</p>
Kamplays (6-12)	<p>http://www.kamplays.com/lesson-plans.html</p> <p>Aktivite ak Leson Teyat/Drama adapte pou elèv kap fè klas segondè.</p>

Edikasyon ak Aktivite Fizik

PE Central (K-12)	<p>https://www.pecentral.org/</p> <p>PE Central ofri videyo sou fitness, dans ak lòt fason pou rete anfòm. Leson PE (Edikasyon fizik) gen ladann tou aprantisaj sosyal epi emosyonèl.</p>
Action for Healthy Kids Blog (K-12)	<p>https://www.actionforhealthykids.org/game-on-activity-library/</p> <p>Action for Healthy Kids (Aksyon pou Timoun Ansante) se yon òganizasyon ki pa pou pwofi ki rapwoche volontè ak patnè devwe pou fè lekòl yo pi an sante kote timoun ka epanwi.</p> <p>Òganizasyon an ofri enfòmasyon sou nitrisyon pou lakay ou, montre kouman teknoloji ak sante mantal ka fasone pwochenn jenerasyon edikasyon fizik, kouman prepare repa nourisan ak plis!</p>
American Heart Association (K-12)	<p>https://www.heart.org/en/healthy-living/fitness/fitness-basics/aha-recs-for-physical-activity-in-children</p> <p>https://www.heart.org/en/healthy-living/fitness/fitness-basics</p> <p>Nan mond dijital jodia, li ka difisil pou konvenk pitit ou depoze aparèy elektwonik li epi konmanse bouje. Men avèk yon ti efò, ou ka ede pitit ou aprann abitud ki bon pou lasante depi kounyea epi jwenn aktivite li ka renmen fè lavidiran.</p> <p>The American Heart Association (Asosiyasyon Ameriken Kè) pataje aktivite fizik (pou lekòl), kouman viv ansante epi gen rekòmandasyon oryante sou prensip debaz pou timoun yo rete anfòm.</p>
US Games OPEN Curriculum (K-12)	<p>https://openphysed.org/</p> <p>Nou te kreye OPEN avèk yon sèl lide nan lespri nou: founi resous pou pwogram etid bon kalite GRATIS pou chak lekòl bay aksè ekritab a kominote edikasyon fizik la nèt.</p> <p>https://openphysed.org/activeschools/activehome</p> <p>Itilize lyen sa pou chache aktivite ak kalandriye pou fanmi itilize pou entegre epi pratike Lakay li Aktivite fizik pou rete aktif.</p>

Bilingual/ESOL

Edikasyon Bilingual/ESOL - Anba a se yon apèsi detaye resous akademik, resous, teknik ak estrateji ke departman Bilingual/ESOL Department founi pou ede epi sipòte elèv ak fanmi yo.

1. Apèsi Akademik ak Resous

Dual Language Program

- Pwogram bileng - *Benchmark Adelante* (SLA) ak *Advance* (ELA) disponib nan lang Espayòl pou lekòl ki gen pwogram bileng (de-lang)/*Dual Language Program*.
- *Gallopede* aksesib vèsyon enprime ak dijital nan toude lang Anglè ak Espayòl pou enstriksyon Syans Sosyal.
- *STEMscopes* ak *Envision Math* disponib sou fòm dijital nan lang Angle ak Espayòl, avèk materyèl pedagojik, sou fòm papye pou pwogram matematik *Envision Math* ann Espayòl, itilize nan model ansèyman 2zèdtan edmi.
- Resous siplemantè enkli *IStation Español* pou Akizisyon Langaj, *Learning A-Z RAZPlus* ak *RAZPlus Español*, epi *Time for Kids* pou Syans Sosyal ak Syans.
- Resous siplemantè pou saldeklas ekzanp bibliyotèk pou pwofesè ak materyèl pwezi.

World Languages

- Lang dimond – Elèv ka jwenn aksè nan liv ak kaye egzèsis (workbooks) grasa Canvas, enkli:
- Espayòl: *Senderos* (I-IV), *Galeria A-C* (Spanish Speakers I-IV), ak *Temas*.
 - Franse: *D'Accord* (I-IV).
 - Klas Primè K-5: *Listos*

ESOL Program

- Pwogram ESOL - *Imagine Language & Literacy* se yon resous enpòtan ki va ede aprenan lang angle/*English Language Learners*. Izaj rekòmande enkli:
- Klas K-1: 20 minit, 4 fwa nan semèn lan.
 - Klas (Grades) 2-5: 30 minit, 4 fwa nan semèn lan.
 - Klas (Grades) 6-8: 30 minit, 4 fwa nan semèn lan.

2. Resous Siplemantè pou Fanmi ELL

1 Klas Canvas Louvri pou Fanmi ELL

Departman Bilingual/ESOL Department devlope yon klas nan Canvas ki louvri epi prepare spesyalman pou fanmi ELL. (<https://browardschools.instructure.com/courses/867005>)

Klas la ofri:

- **Enfòmasyon:** Gid sou kouman pou navige sistèm edikasyonèl epi konprann resous etid ki disponib.
- **Resous Gratis:** Aksè a sit web byen jere epi resous pou elèv pratike vokabilè, konpetans nan lang Angle, epi kontni spesifik.
- **Èd ak Sipò pou ELLs:** Teknik ak estrateji pou fanmi ede pitit yo lakay yo, ak konsèy pou devlope langaj, kominike ak pèsònèl lekòl la, epi kreye anvivonnman efikas pou etid.

2 Nouvo Ozetazini ak BCPS

Klas "New to USA and BCPS" (Nouvo Ozetazini ak BCPS) (<https://browardschools.instructure.com/enroll/493YHM>) bay aprenan Lang Angle/*English Language Learners (ELLs)* epi elèv imigran tout klas (K-12) enfòmasyon enpòtan pou navige nouvo sistèm edikasyonèl ak aksè resous pou etid.

3 Resous International Welcome Center

Fanmi ka mande resous ak materyèl pedagojik nan Sant Akèy Entènasyon/*International Welcome Center* (754) 321-2951, ki ekipe pou ede aprantisaj elèv lè yo lakay pandan vakans ak apre lekòl.

3. Konsèy ak Estrateji pou Paran ESOL

Men teknik ak estrateji konkrè, reyalizab, paran ka itilize pou ede pitit yo nan akizisyon lang Angle:

1. Kreye yon Anviwonman Rich an Lang:

- Pou devlope vokabilè mete etikèt sou atik ak bagay nan kay la nan toude lang Angle ak lang natifnatal fanmi an.
- Jwe videyo edikatif oswa koute liv odyo nan lang Angle pou pitit ou espoze plis a lang lan.

2. Ankouraje Lekti Toulejou:

- Chak jou kite tan apa pou pitit ou fè lekti nan lang Angle, lekti adapte a nivo li. Konsidere itilize resous gratis liv bileng, ekri nan de lang yo.
- Ansanm li ak pitit ou epi diskite nouvo mo pou devlope konpreyansyon.

3. Pratike Pale ak Koute:

- Ankouraje pitit ou pale nan lang Angle toulejou, egzanp nan sitiasyon ki pa gen estrès tankou kòmande manje oswa entwodi tèt li.
- Itilize aplikasyon (apps) oswa resous, tankou *Imagine Langaj & Literasi/Imagine Language & Literacy*, pou pratike devlope ladrès nan pale ak koute.

4. Pale ak Pwofesè:

- Kominike regilyèman ak pwofesè pitit ou konsa ou va konprann pwogrè ak difikilte pitit ou.
- Patisipe nan atelye/wòkchòp oswa evènman ke lekòl la oswa depatman Bilingual/ESOL ofri. Wap jwenn èd ak asistans adisyonèl kontini.

5. Etabli yon Woutin:

- Ede pitit ou kreye epi itilize yon orè konsistan. Sèvi ak resous tankou *Imagine Language & Literacy* oswa resous sitweb pataje nan kou Canvas ke paran patisipan ap pran.

6. Ankouraje Gade Televizyon nan Lang Angle:

- Gade televizyon, cho ak pwogram Televizyon, gade sinema, oswa pwogram edikasyonèl ann Angle avèk soutit active ki va afiche sou ekran an. Sa va ede pitit ou fè koneksyon ant langaj pale ak ekri ann Angle anmenmtan amelyore kapasite koute ak lekti.

7. Ankouraje Pasyans ak Pozitivite:

- Selebre efò ak pwogrè pitit ou, menmsi yo trè minim, pou devlope konfyans ak motivasyon pitit ou.



Men teknik, estrateji konkrè, reyalizab, ke paran ka itilize pou ede pitit yo.

1. Kreye yon Kalandriye Vizyèl:

- Kreye yon kalandriye ak orè vizyèl ki esplike aktivite toulejou pandan vakans.
- Itilize imaj, senbòl, oswa ikòn/desen pou reprezante diferan tach ak evènman.
- Sa ka ede elèv yo konprann sa yo dwe fè chak jou epi diminye anksyete sou chanjman nan woutin yo.
- Kwoke/mete orè a yon kote vizib epi ansanm revwa orè a chak maten.

2. Enkòpore Aktivite Aprantisaj Toulejou:

- Planifye sesyon aprantisaj kout, estriktire, ki imite yon jounen lekòl.
- Aktivite yo ka enkli tan lekti, jwèt matematik, oswa pwojè kreyatif.
- Kite tan spesifik pou aktivite sa yo pou kenbe yon sans woutin.
- Fè timoun yo anvi patisipe lè ou entegre tèm vakans oswa sijè favori pou kenbe pitit ou motive.

3. Fikse yon Lè Regilye pou Repa ak Lè Dòm:

- Etabli woutin konsistan pou lè manje ak lè dòmi.
- Toujou respekte menm orè sa yo egzanp orè lekòl pou ranfòse yon sans nòmalite.
- Ankouraje patisipasyon fanmi, ekzanp fè manje ansanm oswa gen yon woutin moman relaks anvan nal dòmi pou favorize yon sans stabilite.

4. Itilize Istwa Sosyal oswa Jwèt-Wòl:

- Prepare istwa sosyal (deskripsyon kout sityasyon, evènman, oswa aktivite, ki enkli enfòmasyon spesifik sou sa ou atann nan sityasyon sa epi poukisa.)
- Patrisipe nan aktivite jwèt-wòl ki ede elèv yo konprann epi jere evènman fèt ak vakans.
- Enkli senaryo ak sityasyon tankou patrisipe nan reyinyon fanmi oswa patrisipe nan aktivite pandan vakans.
- Diskite atant ak chanjman potansyèl pou ede diminye anksyete ak strès epi prepare pitit ou pou diferan sityasyon.

5. Enkòpore Mouvman ak Brek/Poze:

- Pou ede jere nivo enèji epi foki fè mouvman regilye pandan brek epi ak lè aktivite diminye.
- Ankouraje jwèt deyò epi anplèn oswa ankouraje brek sansoryèl ak aktivite ki gen yon efè kalman.
- Ankouraje aktivite fizik pou mentni ekilib ak woutin pandan wap pèmèt pitit ou libere tout vye enèji ki te refoule.

6. Patrisipe nan Aktivite Akademik:

- Revwa konsèy depatman Aprantisaj Primè ak Segondè/*Elementary and Secondary Learning* epi kite tan nan orè ou pou patrisipe nan aktivite etid sa yo.



VAKANS IVÈ 2024 RESOUS SANTE MANTAL

Sante mantal ou enpòtan chak jou nan ane a. Lekòl yo fèmen diran vakans ivè. Nou vle asire ou gen aksè a èd epi resous ou bezwen nan moman sa.

Chonje, *OU PA POUKONT OU.*

Nou swete ou lapè, repo, ak moman kè kontan pandan sezon fèt la.

BROWARD FIRST CALL FOR HELP

TELEFONE 2-1-1

VIZITE 211-

BROWARD.ORG

NATIONAL SUICIDE CRISIS LIFELINE

TEKS "HOME" A 741-741

TELEFONE 9-8-8

VIZITE 988LIFELINE.ORG

SUNSERVE

TELEFONE 954-764-5150

HENDERSON CRISIS SERVICES MOBILE RESPONSE TEAM

TELEFONE 954-463-0911

EAGLES HAVEN

AKTIVITE BYENNÈT & SIPÒ

TELEFONE 954-618-0350

VIZITE EAGLESHAVEN.ORG

THE TREVOR PROJECT

TEKS "START" A 678-678

TELEFONE 1-866-488-7386

Kalandriye Plèn Konsyans

Kalandriye Plèn Konsyans/*Mindful Awareness Calendar*, pandan vakans eskolè, ede ou ak konsyans tèt ou, enspire rezilyans, gen rekonesans, epi ankouraje refleksyon, koneksyon, akeyi nouvo ane a ak yon apwòch plèn konsyans.



DESANM

<p>22</p> <p>Fè yon ti ralanti – travay sou yon jwèt pasyans, kolorye yon paj, oswa al mache itilize tout sans ou.</p> <p>Digital Nature Coloring Sheets</p>	<p>23</p> <p>Jwe I-Spy ak oumenm oswa yon lòt moun. Eseye idanti-objè baze sou koulè akansyèl the rainbow.</p> <p>-Spy Nature Sheet</p>	<p>24</p> <p>5-Minit Fitness Sesyon: Sote bra ak janm ekate: Fè egzèsis etire ou. Note kouman kè ak mis ou ye anvan & apre Sesyon Egzèsis.</p> <p>5 Minute Video</p>	<p>25</p> <p>Voye yon mesaj ankourajman bay yon moun.</p> <p>Uplifting Messages</p>	<p>26</p> <p>Kreye yon Kapsil Tanporèl tyeke li nan 10-zan: kòmanse, ekri swa desinen yon bagay jodia ou rekonesan ou vle chonje.</p> <p>Time Capsule Video</p>	<p>27</p> <p>Chase Fè: Chache yon fè enteresan sou Syans Sèvo pou pataje ak lòt moun.</p> <p>Brain Facts Video</p>	<p>28</p> <p>Konsevwa espas plèn konsyans ou. Mete bagay ou panse kap fè espas la konfòtab nan epas la.</p> <p>Design Tips</p>
<p>29</p> <p>Gade solèy leve oswa solèy kouche.</p> <p>Sun Rising Video</p> <p>5 Vin yon Ajan Sekrè Janti pou Jounen an!</p> <p>Random Acts of Kindness</p>	<p>30</p> <p>Pran 60 minit brek, poze pa travay ak teknoloji.</p> <p>Sun Breaths</p> <p>6 Eseye pratike yon son nan Inner Explorer, apre chache enstriman an.</p> <p>Sound Practice</p>	<p>31</p> <p>Danse Fete (fè kòm si pèsounn pap gade ou)! Fè yon lis kout diferan janr mizikal. Note kouman ou santi ou apre ou danse sou chak kadans ki sou lis la.</p> <p>Crazy Frog Video</p>	<p>1 Chache yon sitasyon plèn konsyans kap enspire ou. Fè yon postè, yon kolaj, ekri yon antre nan journal ou oswa kreye tablo vizyon sitasyon an enspire ou.</p> <p>Motivational Quotes</p> <p>2 Manje Plèn Konsyans! Chwazi nenpòt ti goute. Obsève reyaksyon tout 5 sans ou pandan wap manje.</p> <p>Mindful Eating Video</p> <p>3 Fè lis 5 kalite ou ta renmen wè pou oumenm epi mete lis la yon kote ou ka wè li toulejou.</p> <p>List of Qualities</p> <p>4 Respire jiska kat, kenbe souf ou pandan kat segonn epi respire pandan kat segonn. Repete kat fwa.</p> <p>In for 4, Hold for 4 Video</p>			

JANVYE





Hazel Health se yon opsyon.

Pou aprann plis oswa enskri, vizite sit my.hazel.co/broward oswa scan kod QR.



Telesante kolabore ak fanmi lakay yo oswa lekòl

Hazel Health konnen fanmi yon elèv se premye pwofesè li. Nou kwè sa fanmi konnen sou pitit li enpòtan epi enfòmasyon an nesesè pou founi swen. Se poutèsa nou kolabore ak tout fanmi nan bi asire bon rezilta pou pitit yo.

Pitit ou pap janm resevwa swen san ou pat bay konsantman ou anvan.

Kouman nou kolabore ak fanmi

Pèmisyon paran

Ak pèmisyon ou, pitit ou ap gen aksè a ekip sèvis sante Hazel. Ou bezwen sèlman konplete fòmilè konsantman yon sèl fwa pou chak timoun.

Swen sante gratis pou fanmi

Hazel gen yon patenarya ak lekòl pitit ou, kifè vizit medikal Hazel gratis pou fanmi ou.

Vizit apati lakay ou

Lakay ou, pitit ou ka konekte ak founisè swen/doktè Hazel oswa patisipe nan randevou sesyon terapi pwograme.

Patisipasyon nan vizit yo

Ou ka patisipe nan chak vizit medikal pitit ou nan sesyon vityèl sou entènèt, apati lakay ou oswa travay ou.

Kowòdinasyon swen sante

Mande epi fè yo voye medikaman doktè preskri ou nan famasi ou vle oswa rekòmandasyon pou yon founisè lokal.

Nou founi sèvis swen sante atravè mwayen kominikasyon tablet, telefòn selilè, oswa sou konpitè ki gen koneksyon WiFi konsa fanmi pap bezwen deplase, swa kite lakay yo oswa manke lè travay yo pou pitit yo jwenn swen yo bezwen.

**Swen Medikal disponib L – V
apati 7:00 am – 5:00 pm**

Founisè swen sante/doktè nou ap ede ak sentòm lagrip, maltèt, doule vant, ti blesi, ak plis ankò.

Konsèy Adisyonèl pou Prevni Pèt Aprantisaj nan Lekti

1. Woutin Lekti Toulejou

- Kite 15–30 minit chak jou pou fè lekti. Ankouraje pitit ou seleksyone liv li renmen epi vizite bibliyotèk pou defi lekti oswa gwoup lekti.
- Toulejou kontwole pwogrè lekti sou yon kalandriye epi fè lekti ansanm ak lektè pi jenn ki bezwen sipò ak èd.
- Itilize modelizasyon ak gamifikasyon pou motive abitud lekti, tankou fikse bi lekti fanmi an oswa itilize pwogram rekonpans bibliyotèk lokal.

2. Pratike Vokabilè ak Gramè

- Itilize flashcards (kat vizyèl) pou entwodi afiks (prefix ak sifiks) oswa fè jwèt devinèt pou amelyore lekti ak òtograf.
- Itilize kaye egzèsis gramè pou revwa konsèp etidye deja epi montre leson pwochèn klas la. Pratike chak semèn ede solidifye kapasite ak ladrès elèv la.

3. Amelyore Konpreyansyon Lekti

- Founi kaye egzèsis avèk kesyonè/*self-quizzes* epi distribye liv istwa enteresan pou amelyore kapasite konpreyansyon, tankou fè enferans, dediksyon ak retansyon enfòmasyon.
- Ansanm diskite istwa pou apwofondi konpreyansyon epi patisipasyon.

4. Ankouraje Ekriti Kreyatif

- Mande pitit ou ekri yon paragaf chak semèn sou topik/sijè amizan oswa siyifikatif tankou vakans oswa souvni favori.
- Itilize diksyonè sinonim pou entwodi nouvo mo vokabilè epitou fè ekriti pi enteresan.

Entegre aktivite estriktire sa yo men agreyab, konsa paran ka ede pitit yo retni epi amelyore aprantisaj yo pandan vakans.



Konsèy Adisyonèl pou Prevni Pèt Aprantisaj nan Matematik ak Domèn Interdisiplin

1. Toulejou Pratike Matematik

- Toulejou rezoud pwoblèm matematik swa 3–4 pwoblèm pou ranfòse kapasite epi prepare ou pou pwochèn ane eskolè a.
- Itilize kaye egzèsis/workbooks adapte a nivo etid elèv la.

2. Aplikasyon Matematik nan Sitiyasyon Lavi Reyèl

- Pou pratike fraksyon ak miltiplikasyon fè manje epi kwit nan fou.
- Lè wap chache rabè kalkile pri vant ak pousantaj ekonomi ou ka fè.

3. Jwèt ak Istwa Matematik

- Pou fè matematik amizan epi enteresan itilize aplikasyon epi jwèt sou entènèt.
- Pou kontekstyalize pwoblèm matematik explore liv istwa ki fokis sou matematik.

4. Matematik ann Aksyon

- Vizite mize syans oswa mize pou timoun pou wè kouman yo aplike matematik nan sitiyasyon tankou esplorasyon spasyal oswa paleontoloji.

5. Sible Pwen Fèb

- Toulejou pase 15–30 minit sou sijè ki difisil ki mande refleksyon itilize resous sou entènèt, kaye egzèsis, oswa jwèt edikasyonèl.

6. Enkòpore Aktivite Aprantisaj Amizan

- Planifye vwayaj edikatif, tankou vizit mize ki entegre syans, matematik, listwa nan esperyans aprantisaj pratik.

7. Konbine Matyè yo

- Konbine matematik ak lekti grasa liv entèaktif oswa aktivite kilinè ki ekzije mezi ak konpreyansyon.

Broward County Public Schools

BED<ht/1s/01/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (01/25)

